मैथिली (प्रतिष्ठा)
बी०ए० (H) पार्ट-I
पेपर - I

बसंत कुमार
अतिथि शिक्षक

दिनांक - 06.04.21

## प्रकरण - विद्यापति

विद्यापतिक जन्म चौदहम शताब्दीमे काश्यप गोत्रीय ब्राह्मण परिवारमे भेलनि। हिनक गाम मधुबनी जिलाक बिस्पी रहनि, पाछाँ हिनक संतान लोकनि सौराठमे आबि बसलाह।

महाकविक पिताक नाम गणपति ठाकुर, पितामह जयदत्त ठाकुर तथा प्रपितामहक नाम धीरेश्वर ठाकुर छलनि।

विद्यापतिक जन्मतिथि लऽ कऽ विद्वान लोकनिमे मतभिन्नता छानि। हिनक अपन लिखल जन्म तिथिक प्रसंगमे किछु प्राप्त नहि अछि। एहि कारणेँ एतेक मत भिन्नता अछि। स्वयं महाकवि अपन एकटा अवहट्ठ गीतमे महाराज देवसिंहक मृत्यु और शिव सिंहक सिंहासनासीन होयबाक तिथिक संकेत देने छथि जे ल०स० 293 अर्थात 1402 ई० मानल गेल अछि। कवीश्वर चंदा झा प्रचलित अनुश्रुतिक आधार पर पुरुष-परीक्षाक भूमिकामे लिखने छथि जे महाराज शिवसिंह पचास बर्षक अवस्थामे सिंहासनारुढ़ भेल छलाह, आओर शिवसिंहसँ दू वर्षक जेठ छलाह

विद्यापति। अर्थात 1402 ई० मे महाराज शिवसिंहक आयु 50 वर्षक छलनि त' विद्यापतिक 52 वर्षक छलनि।

एहि प्रकारेँ सिद्ध होइत अछि जे महाकवि विद्यापतिक जन्म तिथि 1350 ई० होयत। डॉ० सुभद्र झा आओर आचार्य रमानाथ झा सेहो एहि मतक समर्थन करैत छथि।

म० म० उमेश मिश्र तथा डॉ० जयकान्त मिश्र अपन मैथिली साहित्यक इतिहासमे 1360 ई० हिनक जन्म तिथि मानैत छथि। एहि मतक प्रचार बेसी भेल आओर सरकारी डाक टिकट पर सेहो यैह तिथि बिन्दु अंकित अछि। किछु एहि प्रकारक स्थिति हिनक अवसान तिथिक सम्बन्धमे सेहो अछि।

महाराज शिवसिंह 1402 ई० सँ 1406 ई० धरि सिंहासनारुढ़ रहलाह आओर अपन अंतिम कालक युद्धमे 1406 ई० मे अलोपित भ' गेलाह। महाकवि विद्यापतिक तकर 32 वर्ष धरि जीवित रहलाह, एहि आधार पर शशिनाथ झा हुनक अवसानक तिथि 1450 ई० मानैत छथि तथा डॉ० जयकान्त मिश्र 1448 ई० मानैत छथि।

शेष अगिला अंकमे-